



Entimidasyon seksyèl nan kontèks lojman

Yon mèt kay w-ap anfème, oswa yon vwazen-w ta kapab fè-w vin viktим entimidasyon oubyen agresyon seksyèl. Sa rive moun, ni gason ni fi. Ou pa pou kont ou nan pwoblèm sa. Men li kapab difisil pou-w rete nan yon kay kote mèt kay la oubyen vwazen yo ap pèsekite-w pou seks.

La lwa na eta Maine e la lwa tout peyi USA di ke entimidasyon seksyèl se diskriminasyon seksyèl. Diskriminasyon seksyèl nan kontèks lojman se yon bagay ki kont la lwa.

Men kèk egzanp de entimidasyon seksyèl:

- > Yo di-w ou ka peye lwaye-w ak seks
- > Mo seksyèl ke yo di devan-w oubyen devan fanmi ou
- > Agresyon seksyèl oubyen vyòl, kadejak

Men kèk egzanp de zak ki kont la lwa:

- > Ou dwè mèt kay w-ap anfème lajan, alò li di-w ou pap bezwen peye li si ou dòmi avè-l
- > Manadjè apatman kote-w rete fè remak ak kòmantè sou tete-w
- > Mèt kay la manyen-w kote li pata dwè manyen-w
- > Yon vwazen di tout moun ke se bouzen ou ye
- > Mèt kay la di-w pou retire rad ou sou ou; ou di “non” epi mèt kay la eseye mete-w deyò
- > Ou di mèt kay la ke yon vwazen ap entimide-w, ke l-ap pèsekite-w pou seks; mèt kay la pa fè anyen pou ede-w ak sa

>>> Sou lòt bò pappye sa ou ka li de **ki moun, ki kote, ak ki lè la lwa** Fair Housing aplikab. <<<

Pou èd ak pwoblèm entimidasyon seksyèl nan kontèks lojman ak kay

Nan eta Maine ou kapab rele Pine Tree Legal Assistance ki gen biwo plizyè kote, tankou Portland, Lewiston, Bangor ak Augusta:

207-942-0673
800-879-7463

Oubyen ou ka rele ajans ki egzekite la lwa Fair Housing nan eta Maine:

Maine Human Rights Commission
51 State House Station
Augusta, Maine 04333-0051
207-624-6290

**Lòt kote pral gen lòt ajans ki ta kapab ede-w ak lwa Fair Housing, epi ou ka toujou
mande nan biwo legal sèvis ki pi pre kote-w rete.**

Ki moun.....

Li kont la lwa pou moun sa yo fè zak de entimidasyon seksyèl: mèt kay kot e w-ap anfème, moun ki travay pou mèt kay la, oswa vwazen. Lè nou pale de “mèt kay,” moun sa yo se:

- > otorite nan sa yo rele *public housing* (lè leta ede moun ak lwave)
- > lè gen yon konpayi manadjè ki kontrole kay ou apatman w-ap anfème
- > mèt kay prive w-ap anfème

Ki kote.....

La lwa ke yo rele *Fair Housing* pwoteje moun ki rete nan tout kalite kay sa yo:

- > kay pou anfème
- > kay kote sosyal oubyen leta ede moun ak lwave, sa yo rele *public housing*
- > apatman
- > shèltè, oubyen kay pou moun ki ret sou lari e ki pa gen kote pou yo dòmi le swa
- > trelè, kay nan sa yo rele *trailer park*
- > kay oubyen apatman yo rele *condominium*

Men, atansyon paske gen de lòt kay kote lwa *Fair Housing* pa aplikab.

Ki lè.....

Pandan ke w-ap anfème, ou gen avantaj la lwa *Fair Housing*. Alò sa ka vle di:

- > lè w-ap mande enfòmasyon sou yon kay oswa yon apatman ki pou anfème
- > lè w-ap vizite yon kay oubyen yon apatmant ou ta vle anfème
- > lè w-ap siyen papye pou anfème kay la
- > lè w-ap peye lwave
- > pandan ke w-ap rete nan kay la oubyen apatman
- > lè w-ap demenaje oubyen bwote pou kite kay la oubyen apatman

Pandan ke w-ap achte oubyen vann kay ou, ou gen avantaj la lwa *Fair Housing*. Alò sa ka vle di:

- > lè w-ap pale ak ajan ki ede moun achte ak vann kay, sa yo rele *real estate agent*
- > lè w-ap visite yon kay ou ta enterese achte
- > lè w-ap fè aplikasyon la bank pou mögèj (lajan la bank prete-w ki rele *mortgage*)
- > lè ou ale nan biwo avoka pou siyen papye pou achte yon kay
- > pandan ke w-ap rete nan kay ou avan li vann oubyen avan ke-w achete yon lòt kay
- > lè ou demenaje e w-ap kite kay ou
- > lè w-ap vann kay ou

Men kèk ti enfòmasyon an plis

Gen la lwa federal (*federal law*) ki aplikab nan tout kote nan peyi USA. Gen yon lwa *Fair Housing* ki federal, lwa sa aplikap ni nan eta Maine, ni nenpòt lòt kote nan USA, tankou pa egzanp, nan eta Florida tou.

Gen lòt lwa ki aplikap sèlman nan eta kote ou ye, sa yo rele *state law*. Gen de fwa lwa sa yo kapab di menm bagay pou plizyè kote, men se pa tout tan. Alò **la lwa Maine kapab pa menm bagay ak la lwa Florida**. Si ou rete nan Florida e ou kwè ou viktim de entimidasyon seksyel nan konteks kay oubyen lojman toujou mande enfòmasyon nan men avoka ki konnen la lwa Florida.